

# Komite konsiltatif manm (MAC) MassHealth

## Kesyon popilè

### Sa ki make la

Ki benefis ki genyen nan vin manm nan MAC? .....	2
Èske manm MAC yo ap resevwa peman, e si wi, èske sa ap aji sou benefis mwen yo? .....	2
Èske MAC ap sèlman pran manm MassHealth? .....	2
Kisa w vle di lè w di "swenye familyal"? .....	3
Kòman pou m fè konnen si m admisib pou m fè aplikasyon pou m manm MAC? .....	3
Si m deja nan plan medikal mwen an oubyen nan gwoup konsiltatif founisè mwen an, èske m toujou ka nan MAC? .....	3
Si m deja nan yon gwoup konsiltatif MassHealth jere, èske m toujou ka nan MAC? .....	3
Sou kisa manm MAC yo pral travay? .....	3
Èske m ap gen pou m prezan nan reyinyon yo an pèsòn? Si se wi, ki kote reyinyon yo ap fèt? .....	4
Kisa pou m fè si m pa gen òdinatè oubyen aksè nan entènèt? .....	4
Konbyen tan pou m konsakre bay MAC? .....	4
Ki kalite soutyen kap disponib pou manm MAC yo? .....	4
Èske ap gen okazyon pou manm MAC yo jwenn plis enfòmasyon sou pwogram e politik MassHealth yo ki gendwa debat nan reyinyon? .....	5
Èske benefis oubyen sèvis MassHealth mwen yo ap enfliyanse si m pataje eksperyans oubyen kòmantè ki negatif? .....	5
Kòman MassHealth ap kominike avèk manm MAC yo? .....	5
Èske MAC ap vreman fè gen chanjman? .....	6
Èske enfòmasyon ki nan aplikasyon MAC mwen fè a ap pwoteje? .....	6

## Ki benefis ki genyen nan vin manm nan MAC?

Si w gen eksperyans nan MassHealth e ou ta renmen patisipe nan fè chanjman ki pozitif, se pou ou sa ye! Moun ki fè aplikasyon ki seleksyone pou antre nan manm MAC pral :

- ka pataje priyorite yo, lide yo, e eksperyans yo an dirèk avèk MassHealth ;
- gen opòtinite konseye MassHealth sou devlopman politik e fè mizanplas pwogram yo ;
- travay avèk youn lòt e avèk anplwaye MassHealth pou amelyore kalite e aksè nan swen pou manm MassHealth yo ; e
- jan li make annapre a, manm MAC yo pral resevwa yon alokasyon, depi yo vle.

Manm MAC ki fini manda 2 lane pa yo a avèk siksè ap resevwa tou yon sètifika apresyasyon pou rekonèt sèvis yo founi bay Commonwealth la.

## Èske manm MAC yo ap resevwa peman, e si wi, èske sa ap aji sou benefis mwenn yo?

MassHealth apresye ekspètiz manm MAC yo pote nan wòl konseye a, osibyen angajman nan peryòd tan ki prevwa a. Alokasyon e ranbousman pou frè depasman ap disponib pou moun ki fè aplikasyon ki seleksyone kòm manm MAC.

Alokasyon yo ap \$50 pou chak reyinyon. Manm yo gendwa resevwa anplis tou \$25 pou preparasyon anvan reyinyon yo lè sa valab, sa gen ladan prepare e revwa dokiman reyinyon yo, patisipe nan aktivite edikatif e oryantasyon MAC, e travay sou aktivite pou fè plan, lè sa valab.

**KONNEN TANPRI :** resevwa alokasyon sa a gendwa aji sou admisiblite w pou resevwa benefis piblik. Alokasyon yo ap konsidere kòm revni kote taks dwe peye e alokasyon sa a ap konte kòm revni pou objektif admisiblite nan MassHealth. Ou ka sonnen MassHealth an dirèk pou wè si revni sa a ap aji sou admisiblite w nan MassHealth.

Apasa, manm MAC yo ka chwazi tou pou yo pa resevwa yon alokasyon oubyen gendwa mande pou diminye montan alokasyon an.

## Èske MAC ap sèlman pran manm MassHealth?

Pandan nou kwè pifò manm MAC yo ap moun ki manm alèkile nan MassHealth oubyen te manm (ki vle di, manm ki te gen MassHealth nan senk dènye lane yo), kèk manm MAC gendwa gadò oubyen fanmi ki okipe manm MassHealth. Anplwaye MassHealth ap patisipe tou nan MAC nan koute, founi soutyen e nan fasilite angajman an.

## **Kisa w vle di lè w di "swenyè familyal"?**

Nou itilize tèm sa a pou n pale de yon moun ki founi swen e soutyen bay yon moun pwòch ou ki manm nan MassHealth. Yon swenyè familyal gendwa yon paran, gadò, zanmi, oubyen fanmi yon manm MassHealth. Yon swenyè familyal gendwa ap okipe yon timoun, mari oswa madanm, papa, manman, granparan, pitit pitit, matant, monnonk, zanmi, oubyen vwazen. Swenyè familyal gendwa founi manm yo diferan kalite soutyen.

## **Kòman pou m fè konnen si m admisib pou m fè aplikasyon pou m manm MAC?**

Ou admisib pou fè aplikasyon pou w manm MAC si ou :

- gen MassHealth alèkile, oubyen
- te gen MassHealth nan senk dènye lane yo, oubyen
- se gadò oubyen swenyè familyal yon manm MassHealth.

Li pa enpòtan ki kalite MassHealth ou genyen oubyen te genyen, ki pwogram oubyen sèvis ou itilize, oubyen si w enskri nan yon plan medikal MassHealth.

**KONNEN TANPRI** : Anplwaye MassHealth pa admisib pou manm nan MAC.

## **Si m deja nan plan medikal mwen an oubyen nan gwoup konsiltatif founisè mwen an, èske m toujou ka nan MAC?**

Wi, ou ka toujou nan MAC si w patisipe tou nan plan medikal ou a oubyen nan gwoup konsiltatif konsomatè founisè ou a. Gwoup sa yo gendwa rele tou konsèy konsiltatif pasyan e fanmi (Patient and Family Advisory Councils, PFAC).

## **Si m deja nan yon gwoup konsiltatif MassHealth jere, èske m toujou ka nan MAC?**

Wi, ou ka toujou nan MAC si w patisipe tou nan yon gwoup konsiltatif MassHealth jere. Sepandan, nan evalyasyon aplikasyon yo, MassHealth gendwa bay moun k ap fè aplikasyon ki pa patisipe alèkile nan lòt gwoup konsiltatif MassHealth jere preferans.

## **Sou kisa manm MAC yo pral travay?**

Manm MAC yo ap bay MassHealth konsèy sou devlopman politik e sou mizannèw pwogram yo. Manm MAC yo pral travay avèk MassHealth pou fè mizannèw lòd di jou e chwazi sijè ki pou debat.

Egzanp sijè sa yo gendwa gen ladan :

- aksè nan swen

- kalite sèvis yo
- eksperyans manm yo
- kominikasyon ant MassHealth, manm yo, e founisè yo
- pwosesis admisblite, enskripsyon, e renouvèlman
- konpetans kiltirèl e aksè nan lang
- ekite nan sante e dekalay nan sante
- reyaksyon sou sektè nan pwogram oubyen nan kominikasyon patikilye
- lòt sijè manm MAC oubyen MassHealth gendwa vle debat.

## Èske m ap gen pou m prezan nan reyinyon yo an pèsòn? Si se wi, ki kote reyinyon yo ap fèt?

Manm MAC yo ap gen chwa pou patisipe nan reyinyon yo an pèsòn, nan telefòn, oubyen sou òdinatè (tèlke nan Zoom). Manm MAC yo ka deside kijan yo pito patisipe nan reyinyon yo.

Pou reyinyon fasafas, frè depasman yo ap gen yon ranbousman \$0.67 pou chak milyaj (mizajou fèt chak lane) plis frè peyaj e estasyonman. Si demann lan fèt, opsyon pou depasman prepeye ap trete.

## Kisa pou m fè si m pa gen òdinatè oubyen aksè nan entènèt?

Manm MAC yo ki pa gen òdinatè oubyen aksè nan entènèt gendwa chwazi patisipe nan reyinyon MAC yo swa fasafas oswa nan telefòn.

Pou reyinyon fasafas, frè depasman yo ap gen yon ranbousman \$0.67 pou chak milyaj (mizajou fèt chak lane), plis ranbousman frè peyaj e estasyonman. Si demann lan fèt, opsyon pou depasman prepeye ap trete.

## Konbyen tan pou m konsakre bay MAC?

MAC prevwa pou reyini apeprè sis fwa chak lane (apeprè chak de mwa), e manm yo gen pou yo patisipe nan tout reyinyon yo jan sa posib.

Pifò nan reyinyon yo ap pran apeprè dezèdtan e gendwa egzije kèk preparasyon siplemantè ant reyinyon yo.

Manm MAC yo dwe sèvi yon manda pou de lane.

## Ki kalite soutyen kap disponib pou manm MAC yo?

Manm MAC yo ap ka mande pou akomodman rezonab ki fè li posib pou yo patisipe. Egzanp ka gen ladan entèpretasyon lang (sa gen ladan langa siy Etazini Damerik (American Sign Language, ASL)), aktivite

edikatif fakiltatif ki apwopriye, tradiksyon dokiman, soutitraj, tradiksyon nan tan reyèl aksè nan kominikasyon (Communication Access Real-Time Translation, CART), oubyen èd pou itilize teknoloji oubyen entènèt. Tout manm MAC ap envite pou yo pataje bezwen nan kesyon akomodman osito li posib pou yo ka adrese yo.

## **Èske ap gen okazyon pou manm MAC yo jwenn plis enfòmasyon sou pwogram e politik MassHealth yo ki gendwa debat nan reyinyon?**

MassHealth ap travay avèk manm MAC yo pou idantifye domèn edikatif kote l ap itil pou manm yo jwenn plis enfòmasyon pou asire gen yon angajman siyifikatif. Tout manm MAC yo ap resevwa yon oryantasyon pou yo pare pou patisipe nan MAC.

## **Èske benefis oubyen sèvis MassHealth mwen yo ap enflyanse si m pataje eksperyans oubyen kòmantè ki negatif?**

**Non.** MassHealth ap travay avèk manm MAC yo pou devlope direktiv pou patisipasyon, e direktiv yo ap afiche sou sit entènèt MAC la. Direktiv sa yo ap ede nan mizanplas yon espas sekirize e enklizif pou manm yo pataje diferan eksperyans e lide yo, osiyouen pozitif e negatif. Enfòmasyon ou pataje nan aplikasyon pou MAC la oubyen kòm yon manm MAC pa p gen okenn enflyans sou admisiblite ou pou benefis oubyen sèvis MassHealth.

## **Kòman MassHealth ap kominike avèk manm MAC yo?**

Ap gen yon manm ekip lidèchip MassHealth la nan chak reyinyon MAC. MassHealth ap travay tou avèk manm MAC yo pou pwomouvwa transparans e tabli metòd kominikasyon ki byen klè. MassHealth ap asire manm MAC yo konprann kòman opinyon pa yo te kominike bay ekip pwogram apwopriye MassHealth yo e tout enpak ki gen poutèt sa. Enfòmasyon detaye sou chak reyinyon MAC ap afiche sou sit entènèt MAC la.

Anplis, sèten manm MAC ap gen opòtinite pou sèvi nan komite konsiltatif sou swen medikal (Medical Care Advisory Committee, MCAC) MassHealth pou founi mizajou sou aktivite MAC yo. Tanpri konnen, non MCAC a ap chanje nan mwa k ap vini yo. Objektif MCAC se pou konseye Biwo egzekitif pou sante e sèvis imen (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS) sou devlopman politik e administrasyon pwogram Medicaid la. W ap jwenn plis enfòmasyon sou MCAC nan : [Komite konsiltatif sou swen medikal \(Medical Care Advisory Committee, MCAC\) prezante rapo li yo bay asanble lejislatif la | Mass.gov. https://www.mass.gov/lists/medical-care-advisory-committee-mcac-reports-to-the-legislature](https://www.mass.gov/lists/medical-care-advisory-committee-mcac-reports-to-the-legislature)).

MCAC gen tou pou l fè e pibliye yon rapò anyèl, ki dwe gen ladan enfòmasyon e mizajou sou aktivite MAC yo.

## Èske MAC ap vreman fè gen chanjman?

MassHealth kwè manm MassHealth yo ansanm ak fanmi pa yo se ekspè nan pwòp eksperyans pa yo. Nan pataje lide e eksperyans yo, manm MassHealth yo ansanm ak fanmi pa yo gen pouvwa pou yo fè yon diferans. Pandan MassHealth ap pran dènye desizyon sou kòman pou chanje pwogram e politik, MassHealth devwe pou l pwomouvwa transparans e responsablite sou priyorite, lide, e eksperyans manm MAC yo pataje. Sa pral mande pou tout moun pran tan pou yo aprann, pataje, fleksib, respektive, e gen pasyans.

## Èske enfòmasyon ki nan aplikasyon MAC mwen fè a ap pwoteje?

Aplikasyon MAC sa a gendwa divilge bay piblik la jan lalwa egzije sa. Si aplikasyon w lan mande nan kad yon demann dokiman piblik, MassHealth ap wete non w e tout enfòmasyon nou kwè ka rezonableman itilize pou idantifye kiyès ou ye. MassHealth gendwa divilge enfòmasyon ki dezidantifye. "Dezidantifye" vle di wete tout enfòmasyon ki rezonableman ka itilize pou idantifye kiyès ou ye.

Avi sou konfidansyalite MassHealth la dekri kòman Masshealth ka itilize e divilge enfòmasyon w. W ap jwenn avi sou konfidansyalite a lè w monte nan <https://www.mass.gov/lists/hipaa-forms-for-masshealth-members#masshealth---notice-of-privacy-practices->.